दिन–शुक्रवार                                                    दिनांक–13.09.2024

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ                                                    अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी पन्द्रह सितम्बर के भागलपुर–हावड़ा वंदे भारत ट्रेन के हरियर झंडी देखा कऽ विदा करताह। आइ एहि ट्रेनक भागलपुर सँ दुमका के मध्य ट्रायल सफल रहल। हमर संवाददाता जनौलनि जे सत्रह सितम्बर सँ वंदे भारत ट्रेनक नियमित परिचालन शुरू भऽ जायत। रेलवे द्वारा जारी समय सारणी के अनुसार ट्रेनक परिचालन शुक्र दिन के छोड़ि कऽ सप्ताह मे छओ दिन कयल जायत। ई ट्रेन भोरे सात बाजि कऽ पैंतालीस मिनट पर हावड़ा सँ विदा होयत आ रामपुरहाट, दुमका आ हंसडीहा होयत दुपहर दू बाजि कऽ पाँच मिनट पर भागलपुर पुँचत। आपसी मे ई ट्रेन तीन बाजि कऽ बीस मिनट पर भागलपुर सँ खुजत आ राति नओ बाजि कऽ बीस मिनट पर हावड़ा जंक्शन पहुँचत।

---

भारतीय खाद्य सुरक्षा आ मानक प्राधिकरणक सभ राज्य आ केन्द्र शासित प्रदेश सभ के पावनि–तिहारक दरमियान मिलावटी मधुर आ दूध उत्पाद बनाबऽ आ बेचऽवला सभ पर कड़गर नजरि राखबाक आदेश देलक अछि। प्राधिकरण अपन आदेश मे इहो कहलक अछि जे एहि गतिविधि सभ पर नजरि राखबाक लेल समय–समय पर औचक जांच सेहो कयल जयबाक चाही। प्राधिकरण सुझाव देलक अछि जे जतऽ खाद्य उत्पादक के गुणवत्ता आ सुरक्षा जांचक लेल फूड सेफ्टी ऑन व्हील्स जकाँ वैन उपलब्ध अछि हुनका प्रमुख बजार आ आन सार्वजनिक स्थान सभ पर तैनात कयल जयबाक चाही।

---

केन्द्रीय सूक्ष्म लघु आ मध्यम उद्यम मंत्री जीतनराम मांझी आइ पटना मे पीएम विश्वकर्मा योजनाक लाभार्थी लोकनिक लेल आयोजित तीन दिवसीय प्रदर्शनी सह व्यपार मेला के उद्घाटन कयलनि। पन्द्रह सितम्बर धरि चलऽवला एहि मेला मे अठारह पराम्परागत कला सभक कलाकार लोकनिक प्रदर्शनी आ हुनक उत्पादक बिक्री होयत। मेला के उद्घाटन करैत

श्री मांझी कहलनि जे एहि आयोजनक उद्देश्य कारीगर आ शिल्पकार लोकनि के तकनीकी आ आर्थिक सहायता उपलब्ध करायब अछि।

———————————————————————

युवा लोकनि मे मधुमेह आ उच्च रक्तचाप के जाँच के लऽकऽ प्रदेशभरि मे विशेष अभियान चलाओल जायत। स्वास्थ्य मंत्रालय एहि सम्बन्ध मे दिशा–निर्देश जारी कयलक अछि। दिशा–निर्देश मे कहल गेल अछि जे तीस सँ चालीस वर्ष धरि युवा लोकनि मे एहि दुनू बीमारी के डेटा तैयार कयल जा रहल अछि। मंत्रालय कहलक अछि जे, जे कोनो युवा बीपी आ ब्लड शुगर सँ ग्रसित हेताह हुनका दवाई उपलब्ध कराओल जायत आ हुनक स्थिति के लगातार जाँच कयल जायत।

———————————————————————

केन्द्रीय मंत्री जीतनराम मांझी मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सँ एक बेर फेरो शराब बंदी कानूनक समीक्षा करबाक मांग कयलनि अछि। आइ पटना मे संवाददाता लोकनि सँ गपशप मे श्री मांझी कहलनि जे एहि कानूनक सभ सँ बेसी असरि गरीब जनता पर भेल अछि। ओ कहलनि जे ओ शराब बंदी के विरोध मे नहिं छथि मुदा कानूनक क्रियान्वयन मे कतेको कमी अछि। जाहि कारण ओ बेर–बेर एहि कानूनक समीक्षा करबाक मोग करैत छथि।

———————————————————————

केन्द्र सरकार राष्ट्रीय विकास योजना डॉट ओआरजी नामक एक वेबसाईट के फर्जी जनबैत लोकसभ के सचेत रहबाक लेल कहलक अछि। एहि वेबसाईट के माध्यम सँ विभिन्न पद सभक लेल उम्मीदवार लोकनि सँ आवेदन आमंत्रित कयल गेल अछि आ आवेदक सँ आवेदन शुल्क के रूप मे एक हजार छओ सौ पचहत्तरि टाका लेल जा रहल अछि। पत्र सूचना कार्यालय के फैक्ट चेक इकाई कहलक अछि जे ई वेबसाईट कृषि मंत्रालय सँ जुड़ल नहि अछि। पीआईबी लोकसभ के एहेन फर्जी वेबसाईट सँ सावधान रहबाक सलाह देलक अछि।

———————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पटना मे विश्वेश्वरैया भवनक जीर्णोद्धार आ पुनर्विकास काजक अंतर्गत जी प्लस–सेवेन भवनक उद्‌घाटन कयलनि। एहि दरमियान उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी, विजय कुमार सिन्हा तथा भवन निर्माण मंत्री जयंत राज सहित कतेको गणमान्य लोकनि उपस्थित छलाह।

———————————————————————————

प्रदेश मे एक बेर फेर मॉनसूनक सक्रियता मे कमी आयल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक दरमियान बरौनी मे सभ सँ बेसी छियासठि दशमलव दू मिलीमीटर वर्षा रिकॉर्ड कयल गेल। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे अगिला चौबीस घंटाक अंतर्गत कटिहार, भागलपुर आ बांका जिला मे किछु ठाम भारी वर्षा भऽ सकैत अछि। एहि के लऽकऽ येलो अलर्ट जारी कयल गेल अछि। एम्हर मुजफ्फरपुर जिलाक कटरा थाना क्षेत्रक चकबारा गाम मे वर्षा के दरमियान ठनका खसबाक घटना मे पिता–पुत्र के मृत्यु भऽ गेलनि।

———————————————————————————

बिहार राज्य खेल प्राधिकरण आ दरभंगा जिला प्रशासनक संयुक्त तत्वावधान में दरभंगा मे आयोजित अंडर नाइनटिन बालिका कबड्डी प्रतियोगिता के आइ चारिम दिनक मैच संपन्न भऽ गेल। मेजबान दरभंगा अपन सभ मैच जीत कऽ शीर्ष स्थान पर अछि।

———————————————————————————

शिवहर जिलाक सदर थाना क्षेत्र आ तरियानी थाना क्षेत्र सँ पुलिस छापामारी कऽ भारी मात्रा मे शराबक संग पाँच तस्कर के गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————————————

राष्ट्रीय पोषण मासक अंतर्गत किशनगंज जिलाक पोठिया प्रखंड मे पोषण जागरूकता संबंधी विभिन्न कार्यक्रम आयोजित कयल गेल। एहि दरमियान गर्भवती महिला लोकनिक जाँच कऽ हुनका पोषाहार के विषय मे जनतब देल गेल।

———————————————————————————

समाप्त